

## VANDRÉDI SIN

### VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Fil 2, 89

Jézu-Kri vi-n obéyisan pou nou jous nan lanmò, ata lanmò lakoua. Sé poua Bondié lévé-l anlè: li ba-l yon non, ki anlè tout non.

### SOUFRANS GRANMÈT NOU JÉZU-KRI DAPRÉ JAN

Jn 18, 1-19, 42

"Yo arété Jézu, yo maré-l".

**L.-** Lè sa-a: Jézu soti avèk disip li yo lòt bò ravi-n Sédron-an, koté té gin yon jadin, li antré ladan-l, ni disip li yo tou Juda té konn koté-a, li minm ki t-ap bay li-a; paské Jézu té konn vi-n la souvan avèk disip li yo.

**L.-** Konsa, Juda pran troup la ak sèvitè gran prèt yo ak farizyin yo, li rivé la avèk fannal ak flanbo ak zam. Jézu minm, kòm li té konnin tou sa-k t-apralé rivé-l li proché, li di yo:

**+.-** "Ki moun n-ap chèché"?

**L.-** Yo réponn li:

**\*\*.-** "Jézu moun Nazarèt la".

**L.-** Jézu di yo:

**+.-** "Sé mouin minm".

**L.-** Juda té kanpé la tou ansanm avèk yo li minm ki t-ap rimmèt li-a. Lè Jézu di yo "Sé mouin minm" nan, yo rékilé dèyè, yo tonbé atè. Li pozé yo késion ankò:

**+.-** "Ki moun n-ap chèché"?

**L.-** Yo minm yo di:

**\*\*.-** "Jézu moun Nazarèt la".

**L.-** Jézu réponn:

**+.-** "Mouin té di nou sé mouin minm; konsa si sé mouin minm n-ap chèché, kité sila yo pati".

**L.-** Sé pou paròl la té kapab réyalizé, sa-l té di-a:

**+.-** "Sila yo ou té ban mouin-an, mouin pa pèdi youn nan yo".

**L.-** Simon Piè minm té gin yon épé, li ralé-l, li frapé sèvitè gran prèt la, li koupé zòrèy douat li. Yo té rélé non sèvitè-a Malkus. Jézu minm di Piè:

**+.-** "Mété épé-ou la nan foura-a: Kalis la Papa-a ban mouin-an, èské mouin pap bouè-l"?

"Yo kondui Jézu kot A-n dabò".

**L.-** Troup la ak kòmandan-an ak sèvitè Juif yo arété Jézu, yo maré-l, yo kondui-l kot A-n anvan; sé té bo-pè Kayif, ki té gran prèt ané sa-a. Sé Kayif sa-a minm ki té bay Juif yo konsèy, ki té di "pito sé yon sèl moun ki mouri pou pèp la".

Simon Piè t-ap suiv Jézu ak lòt disip la. Disip sa-a, gran prèt la té konnin-l, li antré avèk Jézu nan lakou gran prèt la. Piè minm té kanpé nan bariè-a sou pa déyò. Lòt disip la soti, li minm gran prèt la té konnin-an, li palé ak fi ki t-ap véyé bariè-a, li fè Piè antré. Sèvant la ki t-ap véyé bariè-a. di Piè:

**\*.-** 'Èské ou minm tou ou pa-t nan pami disip mésié sa-a?

**L.-** Li minm li di:

**\*.-** "Mouin pa ladan-l".

**L.-** Sèvitè yo ak gad yo té kanpé bò brèz difé-a, paské té fè frèt, yo t-ap chofé kò yo. Piè té kanpé avèk yo tou, li t-ap chofé kò-l.

Prèt an chèf la pozé Jézu késion sou disip li yo ak sou ansègnman-l. Jézu réponn li:

**+.-** "Mouin minm sé aklè mouin té palé pou tout moun; mouin minm sé tout tan mouin té bay lansègnman nan sinagòg la ak nan Tanp la, koté tout Juif yo vi-n rasanblé-a, an kachèt mouin pa di anyin. Pouki sa ou-ap pozé-m késion-an? Intèrojé yo, yo minm ki té kouté sa-m té di yo; min yo minm yo konnin sa-m té di mouin minm".

**L.-** Kon-l di sa, youn nan sèvitè yo ki té kanpé la-a bay Jézu yon souflèt, li di:

**\*.-** "Sé konsa ou réponn gran prèt la"?

**L.-** Jézu réponn li:

**+.-** "Si-m mal palé, bay prèv ki sa-k mal la; min si-m byin palé, pouki sa ou frapé-m nan?"

**L.-** A-n voyé-l tou maré bay Kayif gran prèt.

"Èské ou minm tou ou pa-t nan pami disip li yo? Mouin pa ladan-l".

**L.-** Simon Piè té kanpé, li t-ap chofé kò-l, yo di-l:

**\*\*.-** "Èské ou minm tou ou pa-t nan pami disip li yo?"

**L.-** Li minm li nié li di:

**\*.-** "Mouin pa ladan-l".

**L.-** Youn nan sèvitè prèt an chèf yo, fanmi sa Piè té koupé sòrèy li-a, li di-l:

**\*.-** "Èské mouin minm minm mouin pa-t ouè-ou nan jadin-an avèk li"?

**L.-** Piè minm nié ankò, épi minm lè-a kòk la chanté.

"Péyi-roua-m nan pa sot sou tè sa-a"

**L.-** Yo kondui Jézu sot kay Kayif al nan palè-a. Sé té granmatin. Yo minm yo pa antré nan palè-a, pou yo pa sal, pou yo kapab manjé Pak la. Pilat soti déyò koté yo, li di:

**\*.-** "Ki akizasion nou poté kont mésié sa-a"

**L.-** Yo pran laparòl yo di-l:

**\*\*.-** "Si sé pa yon malfètè sila-a té yé, nou pa t-a bay ou li".

**L.-** Pilat di yo:

**\*.-** "Pran-l nou minm, jijé-l dapré laloua nou-an".

**L.-** Juif yo di-l:

**\*\*.-** "Nou pa gin doua touyé pèsòn".

**L.-** Sé pou paròl Jézu-a té kapab réalizé, sa-l té di pou-l montré ki kalité lanmò li té gin pou-l té mouri-a.

**L.-** Konsa Pilat antré ankò nan palè-a, li rélé Jézu, li di-l:

**\*.-** "Èské ou sé roua Juif yo"?

**L.-** Jézu réponn:

**+.-** "Èské sé ak pròp fòs ou ou di sa, oubyin sé dèt moun ki té di-ou sa sou mouin"?

**L.-** Pilat réponn:

**\*.-** "Èské-m sé Juif mouin minm? nasion-ou nan ak gran prèt yo rinmèt ou ban mouin: ki sa-ou fè"?

**L.-** Jézu réponn:

**+.-** "Péyi-roua-m nan pa sot sou tè sa-a. Si péyi-roua-m nan té sot sou tè sa-a, sètènman sèvitè-m yo t-a batay pou yo pa bay mouin nan min Juif yo; koulié-a péyi-roua-m nan pa isit la"?

**L.-** Pilat di-l:

**\*.-** "Èské sé roua ou yé"?

**L.-** Jézu réponn:

+. - "Ou di-l: sé roua mouin yé. Mouin minm sé pou sa mouin fèt, sé pou sa mouin vini sou tè-a, pou-m sèvi lavérité-a témouin: tout moun ki disip lavérité-a, yo kouté voua-m".

L.- Pilat di-l:

\*.- "Sa-k lavérité-a"?

L.- Kon-l fi-n di sa, li soti ankò kot Juif yo, li di yo:

\*.- "Mouin minm mouin pa jouinn okinn kòz nan li. Sé yon abitud pou nou, pou-m lagé yon moun ba nou pou Pak la; èské nou vlé pou-m lagé roua Juif yo ba nou"?

L.- Yo lévé voua yo ankò yo tout, yo di:

\*\*.- "Pa sila-a, min Barabas".

L.- Barabas la sé té yon asasin.

"Salu, roua Juif yo"

L.- Lè sa-a atò, Pilat pran Jézu, li fè bat li. Sòlda yo tréyé yon kouròn ak pikan, yo mété sou tèt li, yo vlopé-l ak yon manto rouj. Yo vi-n dévan-l, yo t-ap di:

\*\*.- "Salu, roua Juif yo";

L.- épi yo t-ap ba-l souflèt.

L.- Pilat soti ankò, li di:

\*.- "Mouin minnin-l déyò ban nou, pou nou konnin mouin pa jouinn okinn kòz nan li".

L.- Jézu soti, antan-l poté kouròn pikan-an ak rad rouj la. Li di yo:

\*.- "Min moun nan".

L.- Lè gran prèt yo ak sèvitè yo ouè-l, yo rélé byin fò, yo di:

\*\*.- "Klouré-l sou koua, klouré-l sou koua",.

L.- Pilat di yo.

\*.- "Pran-l nou minm klouré-l sou koua; mouin minm mouin pa jouinn kòz nan li".

L.- Juif yo réponn li:

\*\*.- "Nou minm nou gin yon laloua, dapré laloua-a, sé pou-l mouri, paské li fè tèt li pasé pou Pitit Bondié".

L.- Lè Pilat tandé paròl sa-a, li vi-n pi pè ankò. Li antré nan palè-a ankò, li di Jézu:

\*.- "Koté-ou soti"?

L.- Jézu minm pa réponn li anyin. Pilat di-l:

\*.- "Ou pa palé avèk mouin? Ou pa konnin mouin gin pouvoua klouré-ou sou koua, épi mouin gin pouvoua lagé-ou"?

**L.-** Jézu réponn:

**†.-** "Ou pa t-a gin okinn pouvoua kont mouin, si yo pa-t ba-ou sa sot anro. Sé pousa sila-a ki rinnèt mouin nan min-ou nan, li fè yon pi gran péché".

"Ouété-l, ouété-l klouré-l sou koua".

**L.-** Dépi lè sa-a, Pilat t-ap chèché lagé-l. Juif yo minm t-ap rélé byin fò, yo t-ap di:

**\*\*.-** "Si-ou lagé moun sa-a, ou pa zanmi Séza, paské tout moun ki déklaré-l roua, li kont Séza".

**L.-** Pilat minm, lè-l tandé sa yo, li kondui Jézu déyò li fè-l chita sou fotèy tribinal la, koté yo rélé Litostrotòs la, nan langaj ébré sé Gabata. Sé té préparasion Pak la, li té midi. Li di Juif yo:

**\*.-** "Min roua nou-an'.

**L.-** Yo minm yo pousé rèl byin fò:

**\*\*.-** "Ouété-l, ouété-l, klouré-l sou koua".

**L.-** Pilat di yo:

**\*.-** "Roua nou-an pou-m ta klouré sou koua"?

**L.-** Prèt an chèf yo réponn:

**\*\*.-** "Nou pa gin dòt roua pasé Séza".

**L.-** Lè sa-a atò, li rinnèt li nan min yo pou yo klouré-l sou koua.

"Yo klouré-l sou koua, épi dé lòt avèk li".

**L.-** Yo pran Jézu, yo soti avèk li. Li poté koua-a li minm minm, 1-alé koté yo rélé kalvè-a, nan langaj ébré sé Gòlgota, sé la yo klouré-l sou koua; avèk li té gin dé lòt, youn yon bò, lòt la lòt bò-a, Jézu minm nan mitan. Pilat té ékri rézon kondanasion-an, li té pozé-l sou koua-a. Min sa-k té ékri. "Jézu Nazarèt, roua Juif yo". Fraz sa-a, anpil Juif té li-l, paské koté yo té klouré Jézu sou koua-a té tou pré lavil la, épi yo té ékri-l nan langaj ébré, grèk ak latin.

Gran prèt Juif yo t-ap di Pilat:

**\*.-** "Pa ékri roua Juif yo, min sila-a di: "Mouin sé roua juif yo".

**L.-** Pilat réponn:

**\*.-** "Sa-m fi-n ékri, li ékri".

"Yo séparé rad li".

**L.-** Sòlda yo minm lè yo fi-n klouré-l sou koua-a, yo pran rad li yo, yo fè kat pòsion, youn pòsion pou chak sòlda, épi rad long nan. Rad long sa-a té fèt san koutu, li té filé alamin nèt, dépi anro jous anba. Youn di lòt:

**\*\*.-** "Nou pap chiré-l, min n-ap tiré-l osò pou nou ouè ki moun k-ap jouinn li".

**L.-** Sé pou paròl labib la té kapab réalizé, sa-k di: "Yo séparé rad mouin yo antré yo, yo tiré manto-m nan osò". Sòlda yo, sé sa yo fè.

"Min pitit ou. - Min manman-ou".

**L.-** Tou kolé koua Jézu-a, manman-l té kanpé, ni sè manman-l nan, Mari Kléofas, a Mari Madlèn. Lè Jézu ouè manman-l ak disip li té rinmin-an ki kanpé, li di manman-l:

**+.-** "Madanm, min pitit ou";

**L.-** aprè sa, li di disip la:

**+.-** "Min manman-ou".

**L.-** Dépi lè sa-a, disip la résévoua-l lakay li.

("Tout bagay fi-n réalisé")

**L.-** Apré sa, Jézu konnin tout bagay fi-n réalisé, pou sa-l ékri-a té kapab réalisé, li di :

**+.-** "Mouin souaf".

**L.-** Té gin yon véso plin vinèg ki té déposé la; yo minm yo pran yon éponj plin vinèg, yo mété nan pouint yon branch izòp, yo proché-l bò bouch li. Lè Jézu pran vinèg la, li di:

**+.-** "Li fi-n réalisé".

**L.-** Li bésé tèt li, li rimmèt léspri-a.

(Isit la, yo fé jénifléksion, yo pozé yon ti moman)

**L.-** Juif yo minm, kòm sé té préparasion Pak la, pou kò yo pa rété sou koua-a jou saba-a, (sèké sé té gran jou saba jou sa-a), yo mandé Pilat pou yo krazé janm yo, pou yo ouété yo. Sòlda yo vini, yo krazé janm premié-a ak lòt la ki té klouré-a avèk li-a. Min lè yo rivé sou Jézu, kòm yo ouè li té déjà mouri, yo pa krazé janm li, min youn nan sòlda yo louvri kòt li ak pik li-a, minm lè-a dlo ak san soti.

"Yo maré kò Jézu ak bann toual avèk losion".

**L.-** Apré bagay sa yo, Jozèf moun Arimati-a, mandé Pilat pou-l ouété kò Jézu, sé disip Jézu li té yé, min an kachèt paské li té pè Juif yo. Pilat ba-l pèmision. Li rivé, li pran kò Jézu.

Nikodèm rivé tou, li minm ki té vi-n kot Jézu nannuit premié foua-a, li poté yon mélanj lamir ak aloès, apéprè san liv. Yo pran kò Jézu, yo maré-l ak bann toual avèk losion yo, jan Juif yo abitié antéré mò yo. Té gin yon jadin koté yo té klouré Jézu sou koua-a; nan jadin sa-a té gin yon kavou tou nèf, koté yo pa-t ko mét pèsòn, sé la yo mété Jézu akòz préparasion Pak Juif yo, paské kavou-a té tou pré. Sé la yo té mété Jézu.

(Apré léktu lapasion Granmèt la, yo kapab fè yon ti prèch)

## Soufrans Granmèt nou Jézu-Kri daprè sin Jan

Sign: L = Léktè

+ = Jézu

\* = Yon moun / \*\* = Foul

Tèks: Jan 18,1 -- 19,42

Mizik: Mgr Frantz Colimon, smm

L.- Sou- frans Granmèt nou Jé- zu Kri da- pré Jan.

L.- Lè sa-a: Jézu sòti avèk disip li yo lòt bò ravi-n Sé- dron-an, koté té gin yon ja-din,

li antré ladan-l, ni di- sip li yo tou. Juda té konn koté-a, li minm ki t-ap tra- yi-l la:

paské Jézu té konn vi-n la souvan avèk di- sip li yo Konsa Juda pran troup la ak sèvitè

Gran prèt yo ak farizyin yo, li rivé la avèk fanal ak flanbo ak zam.

Jézu minm, kòm li té konnin tou sa-k t-apral rivé-l, li pro-ché, li di yo:+ "Ki moun n-ap chèché?"

L.- Yo ré- ponn li: \*\*.- "Jézu moun Na- za- rèt la ". L.- Jézu di yo:

+.- "Sé mouin minm". L.- Juda té kanpé la tou ansanm avèk yo, li minm ki t-ap tra- yi-l la

Lè Jézu di yo "Sé mouin minm" nan, yo rékilé dèyè, yo ton-bé atè. Li pozé yo ké-sion an-kò:

10  
+.- "Ki moun n-ap chèché?" L.- Yo minm yo di: \*\*.- "Jézu moun Na- za- rèt la".

L.- Jézu ré- ponn:      +.- "Mouin té di nou sé      mouin      minm;

konsa si sé mouin minm n-ap chè-ché, ki- té sa yo pa- ti". L.- Sé pou paròl la té kapab

réali-zé, sa-l té di-a: "Sa yo ou té ban mouin-an, mouin pa pè- di youn nan yo".

Simon Piè minm té gin youn é-pé,      li ralé-l, li frapé sèvi- tè Gran prèt la,

li kou- pé zò- rèy douat li.      Yo té rélé non sèvi- tè-a Mal- kus.      Jézu minm di Piè:

+.- "Mété épé-ou la nan fou-ro-a: ka-lis la Pa-pa-a ban mouin-an ès-ké mouin pap bouè-l?"

L.- Troup la ak kòmandan-an ak sèvitè Juif yo aré- té Jé- zu,      yo maré-l,

yo kon-duit-l kot A-n an-van; sé té bò-pè Kayif, ki té prèt an chèf a- né sa-a.

Sé Ka- yif sa-a minm ki té bay Juif yo kon-sèy,      ki té di "pito sé youn sèl moun

20 ki mou- ri pou pèp la".      Simon Piè t-ap suiv Jézu ak lòt di- sip la.



Disip sa-a, Gran prèt la té kon-nin-l, li antré avèk Jézu nan la- kou Gran prèt la.

Piè minm té kanpé nan bariè-a sou pa dé- yò. Lòt disip la sò- ti,

li minm Gran prèt la té konnin-an, li palé ak fi ki t-ap vé- yé ba- riè- a

li fè Piè an- tré. Sèvant la ki t-ap véyé bariè- a di Piè:

\*.- "Eské ou minm tou, ou pa-t nan pami di- sip mé-sié sa-a?" L.- Li minm li di:


\*.- Mouin pa la- dan-l". L.- Sèvitè yo ak gad yo té kanpé bò brèz di- fé-a,


paské té fè frèt, yo t-ap cho- fé kò yo; Piè té kan- pé a- vèk yo tou,


li t-ap cho-fé kò-l. Gran prèt la pozé Jézu késion sou disip li yo ak sou ansègn- man-l.


Jé- zu ré- ponn li: +.- "Mouin minm sé aklè mouin té palé pou tout moun;


30 mouin minm sé tout tan mouin té bay ansègnman nan sina- gòg la ak nan tanp la,



 koté tout Juif yo vi-n ra- san- blé-a, an ka- chèt mouin pa di an- yin.



 Pou- ki sa ou-ap po- zé-m ké-sion-an? Intèro-jé yo, yo minm ki té kouté sa-m té di yo;



 min yo minm yo kon- nin sa-m té di mouin minm". L.- Kon-l di sa,



 youn nan sèvitè yo ki té kanpé la-a bay Jé- zu yon sou- flèt, li di:



 \*.- "Sé kon- sa ou ré ponn Gran prèt la?" L.- Jé- zu ré- ponn li:


 +.- "Si-m mal palé, bay prèv ki sa-k mal la; min si-m byin palé, pou- ki sa ou fra- pé-m nan?"


 L.- A-n voyé-l tou maré bay Ka- yif, Gran prèt la. Simon Piè té kanpé


 li t-ap chofé kò-l, yo di-l: \*\*.- "Eské ou minm tou, ou pa-t nan pa- mi di- sip li yo?"


 L.- Li minm li nié, li di: \*.- Mouin pa la- dan-l". L.- Youn nan sèvitè gran prèt yo,


 40  
 fanmi sa Piè té koupé zò- rèy li-a, li di-l": \*.- "Eské mouin minm minm, mouin pa-t

ouè-ou nan jadin-an a-vèk li?" L.- Piè minm nié an- kò, é-pi minm lè-a kòk la chan-té.

Yo kondui Jézu sot kay Kayif al nan pa- lè-a. Sé té granma- tin. Yo minm yo pa antré

nan palè-a, pou yo pa sal, pou yo kapabman- jé Pak la. Pilat soti déyò koté yo, li di:

\*.- "Ki akizasion nou poté kont mé-siésa-a?" L.- Yo pran laparòl, yo di-l: \*\*.- "Si sé pa

yon malfé- tè sa-a minm té yé, nou pa t-a rin- mèt ou li". L.- Pilat di yo:

\*.- "Pran-l nou minm, ji- jé-l da- pré la- loua nou- an". L.- Juif yo di-l:

\*\*.- "Nou pa gin doua tou- yé pè- sonn". L.- "Sé pou paròl Jézu-a té kabap réali- zé,

sa-l té di pou-l montré ki kalité lanmò li té gin pou-l té mou-ri-a. Konsa Pilat antré

ankò nan pa- lè-a, li rélé Jézu, li di-l: \*.- "Es-ké-ou sé roua Juif yo?" L.- Jé-zu ré- ponn:

50

+.- "Eské sé ak pròp fòs ou ou di sa, ou- byin sé dèt moun ki té di-ou sa o- si- jè-m?"

L.- Pilat ré-ponn: \*.- "Eské-m sé Juif, mouin minm? Nasion-ou nan ak gran prèt yo  
rinmèt ou ban mouin: ki sa-ou fê?" L.- Jé-zu ré-ponn: +.- "Péyi-roua-m nan  
li pa soti sou tè sa-a. Si pé- yi-roua-m nan té so-ti sou tè sa-a,  
sètènman sèvitè-m yo t-a batay pou yo pa rinmèt mouin nan min Juif yo;  
kou- lié-a pé- yi- roua-m nan pa i- sit la". L.- Pi- lat di-l:  
\*.- "Eské sé roua ou yé?" L.- Jé- zu ré-ponn: +.- "Ou di-l: sé roua mouin yé.  
Mouin minm sé pou sa mouin fèt, sé pou sa mouin vi- ni sou tè-a,  
pou-m sèvi véri- té-a té- mouin: tout moun ki disip véri- té-a, yo kou- té voua-m".  
L.- Pi- lat di-l: \*.- "Kisa vé- ri- té-a yé?" L.- Kon- l fi- n di sa, li soti ankò  
60  
kot Juif yo, li di yo: \*.- "Mouin minm mouin pa jouinn o- kinn kòz nan li.

Sé yon abitud pou nou, pou-m lagé yon moun ba nou pou Pak la;

èské nou vlé pou-m lagé roua Juif yo ba nou?" L.- Yo lévé voua yo ankò yo tout, yo di:

\*\*.- "Sé pa sa-a, min Ba-ra-bas". L.- Barabas la sé té yon asa- sin. Lè sa a a- tò

Pi- lat pran Jé- zu, li fè bat li. Sòlda yo trésé yon kouròn ak pi- kan,

yo mé- té sou tèt li, yo vlopé-l ak yon man- to rouj, yo vi- n dé- van- l, yo t- ap di:

\*\*.- "Sa- lu, roua Juif yo"; L.- épi yo t- ap ba- l sou- flèt. Pilat soti déyò an- kò, li di yo:

\*.- "Mouin minnin- l dé- yò ba nou, pou nou kon- nin mouin pa jouinn o- kinn kòz nan li."

L.- Jézu so- ti, antan- l poté kouròn pikan- an ak rad rouj la. Li di yo: \*.- "Min moun nan."

L.- Lè gran prèt yo ak sèvitè yo ouè- l, yo rélé byin fò, yo di: \*\*.- "Klou- ré- l sou koua".

70  
L.- Pilat di yo: \*.- "Pran- l nou minm, klou- ré- l sou koua; mouin minm

mouin pa jouinn kòz nan li". L.- Juif yo ré- ponn li: \*\*.- "Nou minm nou gin yon la-loua,  
 dapré laloua-a, sé pou-l mou- ri, paské li fè tèt li pasé pou Pi- tit Bon-dié".  
 L.- Lè Pilat tandé paròl sa-a, li vi-n pi pè an- kò, Li an- tré nan pa- lè- a an- kò,  
 li di Jé- zu: \*.- "Ko-té ou soti?" L.- Jé-zu minm pa ré- ponn li an- yin. Pi- lat di-l:  
 \*.- "Ou pa pa-lé a-vèk mouin? Ou pa konnin mouin gin pouvoua klouré-ou sou koua,  
 épi mouin gin pou- voua la- gé-ou?" L.- Jé-zu ré- ponn: +.- "Ou pa t-a gin  
 okinn pou- voua kont mouin, si yo pa-t ba-ou sa sot an- ro. Sé pou- sa  
 sa-a ki rin-mèt mouin nan min-ou nan, li fè yon pi gran pé- ché".  
 L.- Dépi lè sa-a, Pilat t-ap chè- ché la- gé-l. Juif yo minm t-ap rélé byin fò, yo t-ap di:  
 80  
 \*\*.- "Si-ou la- gé mé- sié sa-a, ou pa zan-mi Sé- za". L.- Pilat minm, lè-l tandé

paròl sa yo, li kondui Jé-zu dé- yò, li fè-l chita sou tro-n tri- bi- nal la,

koté yo ré- lé Li- tros- to- tòs la, nan langaj ébré minm sé Ga- ba- ta.

Sé té Préparasion Pak la, li té anviron si-zièm è-a. Li di Juif yo: \*.- "Min roua nou- an".

L.- Yo minm yo pousé rèl byin fò:\*\*.- "Oué-té-l, oué-té-l, klou-ré-l sou koua-a?" L.- Pilat di yo:

\*.- "Roua nou-an, pou-m t-a klou- ré sou koua-a?" L.- Prèt an chèf yo ré- ponn:

\*\*.- "Nou pa gin dòt roua pa- sé Sé- za". L.- Lè sa-a atò, li rinmèt li nan min yo

pou yo kou-ré-l sou koua. Yo pran Jézu, yo soti a-vèk li. Li poté koua-a li minm minm,

l-alé koté yo ré-lé Kal-vè-a, nan langaj ébré sé Gòl-go-ta, sé la yo klou- ré-l sou koua;

avèk li té gin dé lòt, youn yon bò, lòt la lòt bò-a, Jézu minm nan mi- tan.

90  
Pilat té ékri rézon kon-da-na- sion-an, li té po- zé-l sou koua-a. Min sa-k té é- kri:

"Jézu Nazarèt, roua Juif yo". Fraz sa-a, anpil Juif té li-l, paské koté yo té klouré Jé-zu sou koua-a té tou pré vil la, épi yo té ékri-l nan lan-gaj é-bré, grèk ak la-tin Gran prèt Juif yo t-ap di Pi-lat: \*\*.-"Pa é-kri roua Juif yo, min sa-a di: 'Mouin sé roua Juif yo'". L.- Pi-lat ré-ponn: \*.- "Sa-m fi-n é-kri, li é-kri".

L.- Sòlda yo minm, lè yo fi-n klou-ré-l sou koua-a, yo pran rad li yo, yo fè kat pòsion, yon pòsion pou chak sòl-da, épi rad long nan. Rad long sa-a té fèt san kou-tu, li té filé alamin nèt, dépi an-ro jous an-ba. Youn di lòt: \*\*.- "Nou pap chi-ré-l, min n-ap tiré-l o-sò pou nou ouè ki moun k-ap jouinn li". L.- Sé pou sa-k ékri yo té kapab akon-pli, sa-k di: "Yo séparé rad mouin yo an-tré yo, yo ti-ré man-to-m nan o-sò".

100  
Sòl-da yo, sé sa yo fè. Tou kolé koua Jé-zu-a, manman-l té kan-pé,



ni sè manman-l nan, Ma- ri Klé-o-fas, ak Ma- ri Mad-lèn. Lè Jézu ouè man-man-l  
 ak disip li té rinmin-an ki kan-pé, li di man-man-l: +.- "Ma- danm, min pi- tit ou";  
 L.- Apré sa, li di di- sip la: +.- "Min man- man-ou". L.- Dépi lè sa-a, disip la  
 ré- sé- voua-l la-kay li. Apré sa, Jézu konnin tout bagay fi-n ré- a- li- zé,  
 pou sa-k ékri-a té kapab réali- zé, li di: +.- "Mouin souaf".  
 L.- Té gin yon véso plin vinèg ki té dépozé la; yo minm yo pran yon éponj plin vinèg yo mété  
 nan pouint yon branch i- zòp, yo proché-l bò bouch li. Lè Jézu pran vi- nèg la, li di:  
 +.- "Li fi-n ré- a- li- zé". L.- Li bé-sé tèt li, li rin- mèt és- pri- a.

**Isit la yo mét ajénou, yo pozé yon ti moman.**

Juif yo minm kòm sé té Préparasion Pak la, pou kò yo pa rété sou koua-a (sèké sé té  
 110  
 gran jou sa-ba-a jou sa-a), yo mandé Pilat pou yo kra-zé janm yo, pou yo oué-té yo.

Sòlda yo vini, yo krazé janm pré-mié-a ak lòt la ki té klouré sou koua-a a- vèk li-a.

Min lè yo rivé sou Jé- zu, kòm yo ouè li té dé- ja mou- ri,

yo pa kra- zé janm li, min youn nan sòlda yo louvri kòt li ak pik li- a,

minm lè-a dlo ak san so- ti. Sa-a ki ouè-a, li sè- vi té- mouin,

témouagnaj li- a vré. Li minm li konnin sa-l di- a sé vré,

pou nou ka- pab kouè. Bagay sa yo ri- vé, pou sa-k ékri-a té ka- pab a- kon- pli:

"Nou pap kra- zé zo-l". Epi an- kò yon lòt sa-k é- kri- a di: "Y-ap gadé

sa-a yo té pè- sé- a". Apré bagay sa yo, Jozèf, moun Arimati-a, mandé Pilat

pou-l ouété kò Jé- zu, sé disip Jézu li té yé, min an ka- chèt, paské li

120  
té pè Juif yo. Pilat ba-l pèmi- sion. Li rivé, li pran kò Jé- zu. Nikodèm rivé tou,

li minm ki té vi-n kot Jézu nannuit, pré- mié foua-a, li poté yon mélanj lamir ak aloès,  
 apé- prè san liv. Yo pran kò Jé- zu, yo maré-l ak bann toual a-vèk lo- sion yo,  
 jan Juif yo abitié an- té- ré mò yo. Té gin yon jadin koté yo té klouré Jézu sou koua-a;  
 nan jadin sa-a té gin yon ka- vo tou nèf, koté yo pa-t ko mét pè- sonn.  
 Sé la yo mété Jézu akoz Prépara- sion Pak Juif yo, paské ka-vo- a té tou pré.  
 Pa- ròl Gran- mèt la.

## Gid jénéral

<b>Dimanch Ramo</b> .....	3
- Ané A : Soufrans Granmèt nou Jézu-Kri dapré Matié (tèks).....	3
• Tèks pi kout.....	11
- Ané A : Soufrans Granmèt nou Jézu-Kri dapré Matié (mizik).....	12
- Ané B : Soufrans Granmèt nou Jézu-Kri dapré Mark (tèks) .....	29
• Tèks pi kout.....	36
- Ané B : Soufrans Granmèt nou Jézu-Kri dapré Mark (mizik).....	38
- Ané C : Soufrans Granmèt nou Jézu-Kri dapré Luk (tèks).....	53
• Tèks pi kout.....	60
- Ané C : Soufrans Granmèt nou Jézu-Kri dapré Luk (mizik).....	63
 <b>Vandrédi Sin</b> .....	 76
- Soufrans Granmèt nou Jézu-Kri dapré Jan (tèks) .....	76
- Soufrans Granmèt nou Jézu-Kri dapré Jan (mizik).....	82